


# KURANGARIRA ISHE

 Mazvita, Hama Neville. Mufaro kuva pano, Hama Neville, uye ne—nenguva yokugara zvakare munzvimbo dziri kumusoro kudenga muna Kristu Jesu. Uye hushoma hwevanhu hahundinetsi kazhinji zvinondifadza. Munoziva, ndinova—ndinonyanyosununguka kana vanhu vari vashoma, nokuti ndinofunga kuti ndizvo zviri Kereke. Hongu, ndinorugwaro ipapa, runoti, “Musatya, imi boka diki ku—kuda, kwaBaba venyu kukupai Humambo.” Uye ndi...ndiro Boka diki randinoda kuverengwa naro nezuva iroro, iro raAkati “Musatya.” Uye tinofara zvikuru nokukwanisa kuva pano usiku huno.

<sup>2</sup> Handina kuuya netariro yokuparidza. Nguva shoma yapfuura panomunhu auya kumba, ini ndanga ndichi verenga, ndichigadzirira mharidzo dzandichaparidza kumusangano uri kuuya kuPhoenix neTucson, nenzvimbo dziri ikoko. Ndichinzwa kugutswa mumweya wangu, nezvakanaka zvaMwari, pamusoro pemharidzo yokuti Mhedziso (Chakakwana), mharidzo yokuti *Mhedziso*. Mudzimai wangu auya akandiudza kuti pane anoda kundiona, zvino Ha—Handina kuzvinzwa ipapo, zvino mumashure, ndokubva ati, “Muchaenda kuchechi here nhasi manheru?”

<sup>3</sup> Ndakati, “Ndinofunga kudaro.” Ndakaenderera mberi ndichiedza kuramba ndiri muMweya wezvandanga ndichiita. Akauya zvakare akati aida kundiona murume anorwara anga auya kuzonamatirwa. Ndakati, “zvakanaka, ndichaenda kuchechi, hangu, munoona, ndinamatire vanorwara.” Kazhinji, ndino... Munoziva, zvinhu zvakadai zvino... Tinofanira kuenda kwavari nokuchimbizika, kana vanhu vachirwara vachida batsiro. Vose vanhu vakamborwara vanoziva kukosha kokupodzwa nesimba guru raMwari. Uye chinhu chinokosha sei, mukana wakadini.

<sup>4</sup> Zvino, Svondo inouya, kana Mwari atendera, Hama Neville navamwe vose vasina zvavangava nazvo, ndanga ndichifunga kuti mangwanani omusi weSvondo iwoyu, ndi—ndingaparidza mharidzo yeKisimisi kuvanhu, nokuti kuvarega—kuvarega... Vamwe vavo vanobva kure chaizvo, munoziva, sokuGeorgia nedzimwe nzvimbo dzakadaro, nokudaro zvichabatsira kuti vadzokere paine nguva yokutenga zvinhu zvavo zvekisimisi nezvimwe zvakadaro.

<sup>5</sup> Billy auya akandiudza, kuti hanzvadzi yangu Delores, vane zvi—zvipo zvidiki zvokupa vana musi weSvondo manheru, tisati tatanga. Vane chirongwa chomutambo wekisimisi wavartaita

tisati tatanga. Ndakati, “Handiti zvinozoitwa musu weSvondo manheru, handizvo here?”

Akati, “Hongu”

Ini ndikati, “hapana chazvinokanganisa.”

<sup>6</sup> Zvino, wonai, kuti musu weChipiri chinotevera izuva rinoteverwa neKisimisi zvino. . . Kana kuti Chipiri chinotevera kwapera vhiki, ndiyo Kisimisi. Zvino zvingamanikidza vanhu, murikuona, vanozodzokera kumisha yavo manheru anoteverwa nezuva rekisimisi, uye nomuMuvhuro, zvino ndafunga kuti ndi. . . hongu, pachine mavhiki maviri. Ndizvozvovo vhiki mbiri ndidzodzo. Zvino ndafunga kuti ndiuye manheru ano, kuti ndizivise vanhu, kuti kana Ishe atendera, uye Hama Neville vasina chavanoda kutaura. Ndinowanzoda kupa mharidzo yangu yekisimisi kukereke uye yeEaster neicho chose chinenge chaiswa pamwoyo pangu naShe. Zvino vhiki inouya neSvondo, kana Mwari atendera, Svondo mangwanani ndichapa. . .

<sup>7</sup> Uye chikonzero chandinodira mangwanani panzvimbo yamanheru ndechokuti vava vanobva kure, vanokwanisa kufamba masikati kuti vasvike kudzimba dzavo, maona. Ndingada zvangu kuti ndiparidze manheru, ndinofunga kuti manheru arinane. Ndi—ndinofarira kuungana kwamanheru, mukudoka kwezuva, nguva dzakadaro. Mwari muBindu reEdeni, aiuya kuna Adamu, munguva dzamanheru achitaura naye. Murikuona ndinofarira kunamata kwamanheru. Asi mamirire akaita zvinhu pano, zviri nani ndikaparidza mangwanani kuti vanhu vazokwanisa kufamba.

<sup>8</sup> Ndinofara kuti Tabenekeri iri kupamhadzirwa ichipfuura patiri pano kubatanidza nedzimba dziri mberi idzo kuti vawedzere nzvimbo pane iripo. Mushure mokukakavara, nokunetsana, pakupedzisira takaiwana zvakadaro. Munoziva Hama Bosworth vaimbotaura zvinosekesa, vachiti, “Mwana anochema zvakanyanya ndiye anoitirwa.” Zvino ndinofunga ndizvo zvazviri kazhinji, ndinofunga zvinobatsira kumbochema zvishoma hamufungi kudaro?

<sup>9</sup> Zvino ndinoda kutenda Hama Anthony nevamwe vavo nekuimba kwakanaka kwavaita. Ndazvinzwa pandapinda muno. Uye munoziva zviridzwa zvavo ihwamanda. Ndanga ndichida kuti mumwe wevana vangu, mumwechete zvake, adzidze kuridza hwamanda, ndi—ndi. . . ivo vachiridza hwamanda.

<sup>10</sup> Becky akatanga kudzidza piyano, asi zvino ari muzera riya re-teen-age, munoziva zvazviri, ava kuda kurega. Uye—uye akatanga. . . Mudzidzisi wake akati vava kuzotanga kuridza dzimbo dzepopu. Kwete, zvino, handirevi. . . munoziva zvandinoreva, zvidzidzo zvokutangisa, nezvakadaro, kuti vazokwanisa kuimba dzokunamata. Kana ava mukirasi dziri pamusoro zvishoma, muzvidzidzo izvi, anoti, “Ndinobva

ndaregera.” Zvino Ndi-ndi...vana vanonetsa. Uye, zvisinei, kunofanira kunge kuri kudana kwaMwari kutangisa kwacho. Ndinotenda kuti munin'ina wake, Sarah, ari kumashure uko artamukunda asi haana kumbozvidzidzira. Zvino, kudana kwaMwari kuri nani kana chiri chipo saizvozvwo.

<sup>11</sup> Asi ndinoda hwamanda. Ndinorangarira patakaisa Tabenakeri ino kuna Mwari kukona uko, hwamanda dzakarira kwehafu yezuva dzairira “Wafa Muponesi pachinjikano, Ndini mutadzi ndafirwa naye, Ndinosukiwa neropa rake, Ndakawana Ushe,” pandaiisa gwaro paibwe rapakona.

<sup>12</sup> Uye ndinorangarira zvakare humwe usiku kuTrinity Methodist Chechi apo Dokotera Morrison...vazhinji venyu vezera rangu munorangarira Dokotera Morrison, murume aiva mutsvene. Asbury yakarashikirwa nomurume anokosha pavakarashikirwa naDokotera Morrison, munhu waMwari. Ndaifarira kunzwa vachiparidza. Ndakaenda kundovanzwa kuTrinity Methodist. Husiku ihwohwo, vakomana vaviri vakasimuka mberi apo ini nomudzimai wangu takapinda. Vakanga vakasimudza hwamanda dzavo mudenga, uye nezviridzwa izvozvi, vakaridza zvakare, “Wafa Muponesi pamuchinjikwa!” Paiva nomuchinjikwa waivapo mukuru uchitenderera. Ndakamira mumugwagwa ndakateerera, maoko angu ari mudenga, ndokutangisa kurumbidza Mwari. Hapana zvandaikwanisa kuita.

<sup>13</sup> Pane kumwe kufashaira mukati momuKristu akaberekwa patsva, kana adheka pane chinotoitika chete, ndizvo zviripo. Oh, Ndi...hapana chinofanana nokusangana kwomuKristu naMwari! Hapana chingatora nzvimbo yacho, zvakaitika kwandiri, handingarashikirwi nazvo kuti ndiwane pfuma kwenyika, nyika yose kunyange denga rose nenyeredzi nazvose, hazvitori nzvimbo yeizvo Jesu akandidzidzisa nezvake.

<sup>14</sup> Pane mumwe murume watinopinda naye, nguva yose yandinotarira mumashure, hana yangu inorova. Uyu murume wandakaona achitora chirariro humwe usiku, anofamba nomudonzvo. Pane akambokutaurirai here kuti munoratidzika saOral Roberts? Ndinokuudzai, nguva yose ya...Vangani... mose ndinofunga makamboona Oral Roberts. Vanoratidzika saOral Roberts! Zvakangoitika kuti nditarise mumashure. Ndi—ndinofunga vane muviri mukuru zvishoma kupfuura Oral. Asi ukatarisa makamire avanoita bvudzi, nehuma yavo nechimiro chavo, vachiratidzika kuva munhu akadzikama, namagarire avo saOral. Ndi—ndinogarofunga kuti, “Thama Oral here iyi?” Vakafanana zvakanyanya.

<sup>15</sup> Hama Oral vavakutangisa chikoro cheBhaibheri, zvino, ndinotenda ndizvo, kana zvakada kudaro. Ndakanzwa nezvazvo rimwe zuva. Chii? University. Hongu Hama Carl Williams

mumwe wavakuru-vakuru vacho, handinyotsozivi kuti chii parizvino.

<sup>16</sup> Zvino rangarirai, musi weSvondo kana Mwari atendera, tichatanga, ndine mharidzo yeEaster...kana kuti yekisimisi. Zvino ndi—ndinofara kuti Tabenekeri yatangiswa kuvakwa. Uye ndinovimba kuti hakusi kupamhidzirwa chete kwavanhu, asi kuti kupamhidzwa, kweNyasha Mwari dzaAnopa kukereke yedu, kusangano redu, kwete sangano, asi ungoro yaungana pamwe. Tinozvida izvozvi.

<sup>17</sup> Ndi—ndinoda kutaura izvi. Handisi kuzatora nguva refu. Asi, ndine zvinhu zvizhinji zvandinoda kutaura, asi handichazvitori, nokuti ndingatora nguva refu. Ndinoda kutaura kuti, chinhu chandisingakwanisi kutsanangura. Pane zvinhu (mose muri kunzwisisa) zvandinoziva, uye zviru Muzira raIshe, Asi handikwanisi kuzvitora. Murikuona, ndakafanira kuzvichengeta mumwoyo. Munooona? Pane chiri kuswera, chava nenguva yakati rebei, chava kuda kuitika, zvokuti ndakashamiswa kuona Mweya Mutsvene uchifamba pakati pavanhu uchiswera pachinhu ichocho, asi ivo vasina kana chinhu chavanoziva, munooona, asi kuona Mweya Mutsvene uchiswera ipapo. Ndichakuudzai, kana Mwari atendera, pangava yakafanira. Zvino, rangarirai, izvozvi zvinoratidza Mwari pakati pavo.

<sup>18</sup> Sezvataurwa, nguva pfupi yapfuura, ndinotenda, iHama, hongu, iHama Neville, vati, “Mwari, asingatarisi ku—kukunyongano iri pakati pedu, kana kusazvibata kwedu mumaziso ake”. Somuprofiti akaenda kundotarisa Israeri, akaiona namaziso enyama, nyongano yavo, kukanganisa kwavo kwaipa kodzero yokuti vatukwe. Asi muBhishopi chaakatadza kuona iDombo rakarohwa neNyoka yeNdarira, murikuona, zvaiita yananiso. Apo—apo Barami akatarisa Israeri akaona chikonzero chokuitika. Munooona? Asi Mwari paAivatarisa aiona yananiso. Akati, “Wakafanana nenyati.” Amen. “Ndiani angaisa chinhu munzira yako? Matende ako akanaka sei, uye akarurama sei!” Ndiyo nzira Mwari yaAivaona nayo. Murikuona? Kwete maonero avaitwa navanhu, kwete maonero ava—avanokudzwa; asi maonero Aivaita.

<sup>19</sup> Zvino Mwari ngaube mugove wangu iwoyu! Ngaube mugove wangu nokuti hapana chiri mandiri chandingati ndechangu. “Hapana chandiinacho, ndichavimba nomuchinjikwa woga.” Murikuona, ndizvo bedzi zvatina.

<sup>20</sup> Zvino, manheru ano ndoomunamoto, kwete manheru omunamoto, asi boka riri pano rinenge reIvhangeri. Ti—tinoda kutora Shoko. Uye ndingada kutaura kwamuri kwenguva diki husiku huno. Vazhinji venyu vangada kuvhura Magwaro... Zvino munozivei, chinoshamisa chacho, pangozaruka ipapo chaipo, parugwaro rwandanga ndichida kuverenga. Hongu.

Zvinoshamisa. NdiVakorinte yokutanga, Chitsauko Chegumi neimwe (11) nezvimwe zvandanyora pasi, zviri imomu, zvandanga ndichifunga, dai ndikapawana iyezvino, muna vaKorinte yokutanga, chi—chi—chitsauko Chegumi neimwe. Ndapawana, apa. Hongu.

<sup>21</sup> Zvino, tisati tasvika paShoko, ngatiswederei kuMunyori waro, Anova Shoko, kuti tikumbire nyasha namaropafadzo Ake patinenge tichidzidza neZvake iye Shoko. Ngatinamatei.

<sup>22</sup> Aiwa Ishe Mwari, muzere nyenya netsitsi, Imi maidisa muzvizvarwa zvose, apo munhu akatadza akaisa mukaha mukuru pakati pake neMi, mukaha waakanga asingakwanisi kuyambuka ari oga. Wakanga arashika, asisina nzira yokudzoka nayo. Asi Mwari ve . . . vazere nyenya, makabvuma kugamuchira Chipiriso panzvimbo yomutadzi, mukamudzosa. Izvi zvakafadza mwoyo yaavo vose vakakuzivai, Ishe, kuti muRudo Rwenyu rukuru nyenya Dzenyu Makagamuchira Chipiriso chinomiririra! Uye Sezvatabva kuzviture, Ishe, ndipo pane taro yedu paChipiriso ichocho husiku huno, kuti mumwe wakafa panzvimbo yedu isu vatadzi, Iye wakarurama wakatakura kusarurama kwedu. MaAri ndimo matinoisa taro yedu.

<sup>23</sup> Zvino nokuremekedza tinouya paShoko Rake, takakotamisa misoro nemwoyo yedu, nokuremekedza nokukudza uye nokutenda. Uye tichikumbira kuti mutitumirewo manheru ano, nyasha, zvichiitwa noMweya Mutsvene, mugotipa Chingwa cho—choHupenyu chatinoda kuti tirarame. Imi munoziva zvatino fanira kuva nazvo, uye tinoziva kuti makativimbisa kuti kana tikakumbira tinopiwa.

<sup>24</sup> Tinoda kurangarira husiku huno, Ishe, vose vatinoziva vanorwara navanonetseka, kuti nyasha dzaMwari dziwanzwe kwavari zvikuru. Uye, Baba, tinokumbirira avo vakadzokera shure, kuti zororo iri kuuya iyi iwunze ndangariro kumwoyo yavo, kurangarira pavakatsauka, uye kuti vakawira uko kwavasingakwanisi Kuyanana neMi. Mwari, tinonamata kuti vadzoke (Itai, Ishe) vadzoke kuungano, ku—kuUngano yaMatangwe, vadzoke zvakare kune nyasha netsitsi, norudo nokunaka nokurapwa komwoyo, ndangariro nemiviri yedu. Itai Ishe. Ropafadzai Shoko manheru ano. Tisimbisei tose, uye, mutipe maropafadzo enyu, sezvatinokumbira muZita raJesu, Amen.

<sup>25</sup> Zvino, kwenguva shomanana ndinoda kuti mutarise paVakorinte vokutanga Chitsauko (1Indima 23, 24 ne 25).

*Nokuti ini ndakagamuchira kuna She icho chandakakupaiwo, kuti Ishe Jesu novusiku hwaakapandukirwa, wakatora chingwa:*

*Akati avonga, akachimedura, akati, Torai mudye: Ichi ndiwo muviri wangu unomedurirwa imi: itai izvi muchindirangarira.*

*Saizvozvovo, vakati vapedza kurayira, akatora mukombe akati: Mukombe uyu ndiyo sungano itsva muropa rangu; itai izvi, nguva dzose kana muchinwa, muchindirangarira.*

<sup>26</sup> Kana ndikada kupa musoro kumharidzo iyi, inganzi: *Kurangarira Ishe*. Zvinoita sousiku...kana kuti mharidzo yakafanira kunge yakaparidzwa Svondo yakapfuura, paChirairo chaShe. Asi ndinoda kutarisa rugwaro urwu neimwe nzira kwenguva shomanana, apo tiri kuisa pfungwa dze—dzedu pamwechete, mukushumira Ishe.

<sup>27</sup> Tinokwanisa, hedu, kutangisira patafura yaShe, nokuti pakanaka nokuti tinoparangarira tose. Kurangarira Ishe patafura yaKe, zvinova, ndizvo, zvinotaurwa pataverenga. Asi Pauro akati takafanira kutora mukombe to—tonwa ro—ropa, nokudya chingwa chekosha, tichimurangarira, kurangarira zvaakatiitira. Uye muchiita izvi, hamufanire kuita musina hanya, sechinhu chamajaira kuita mazuva ose. Munoda kuti muuye muchirangarira Ishe. Murikuona? Rangarirai kuti dzaiva nyasha dzake netsitsi dzake, izvozvo zvoga, pasina zvimwe, ndizvo zvinokupa tariro bedzi yaucinayo. Hazvina mhosva kuti ungazoitei, hapana chimwe chinhu kupi zvako chinganzaniswa nezvawakaitirwa naKristu.

<sup>28</sup> Ndakava nokusuwa nezvakaitika svondo rino, asi zvinonyaradza chaizvo, ndingadaro, Ndakaviga imwe hama yaimbogara nesu muno. Vazhinji venyu munoziva zvandiri kutaura. IHama yedu yaiva izere nenyasha kwazvo, Hama Rogers, Busty Rodgers sokudana kwataivaita, Everett. Zvino ini neHama Banks Wood neHama Sothmann takaenda kurufu rwacho.

<sup>29</sup> Uye—uye ndakadhiraivha nomuchando, kuenda kunzvimbo yandakavabhabhatidza, makore makumi maviri namashanu apfuura. Panguva iyoyo yandakavabhabhatidza muZita raIshe Jesu Kristu, yaiva mvura yaiva namadhaka. Pataipfuura napabhiriji (zambuko) ratanga tajaira reTotten Ford, ndaitaura nehama dzangu ndichiti, “Rimwe zuva mumwe muparidzi wedhinominesheni akadzika tende rake guru ikoko, akati, ‘Pane murume apfuurira mwero kucheche yeBhabhatisti uko ari kubhabhatidza vanhu muZita raJesu Kristu’ Akati, ‘Munhu wose akabhabhatidzwa nenzira iyoyo, haagamuchirwi kupinda mutende yangu.’”

<sup>30</sup> Zvakaitika kuti vari kutaura kudaro paiva navamwe vakanga vakagara imomo vakanga vabhabhatidzwa muZita raIshe Jesu, avo vaiva Hama George Wright nemhuri yavo.

Vakango...Chinhu bedzi chavakaita, kuregedza kudzokerako zvakare.

<sup>31</sup> Zvino musii iwoyo pazambuko apa, vakambosiya musangano wavo vakauya kuti vazomboona zvataita, uye ungangano yavo yaivapo navo vakamira ipapo. Zvino ndakaenda panzvimbo yacho. Iko kwakanga kwanaya kumakomo aiva nechokumusoro, zvino minda yakanga yakukurwa, nzizi dzose dzaidira murwizi runonzi Blue dzakaita kuti mvura yacho ivhunduke. Ndakapinda mumvura, kusvika muchiuno. Mumwe wamatrustee, kana kuti madhikoni, wakanditambidza Bhaibheri, ndikaverenga apo Petro akataura musii wePentekosta achiti “Tendeukai mumwe nomumwe wenyu, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi, uye muchagamuchira chipikirwa choMweya Mutsvene.”

<sup>32</sup> Ndiri zuva iro Georgie Carter aiedza kusimudza maoko ake, arere ipapo, achirema mapaundi angaita makumi matanhatu bedzi, akanga apedza makore mapfumbamwe nemwedzi misere asingamuki pamubheda, asingafambi. Zvino vanhu vake, kukereke kwaipinda, vakanga vati, aninani aizouya kumusangano wangu aizodzingwa kukereke kwavo. Zvino ndiwo manheru mamwechete aakanga aporeswa pakarepo. Uyewo aida kubhabhatidzwa kufanana nomusikana wokwaNale uya; wandakanga ndaona muchiratidzo, munoziva nyaya yacho yose, maoko namakumbo ake zvose zvapaketana; ndikapinda muchiratidzo nesimba roMweya Mutsvene, ndokuisa maoko pamusoro pake, akabva aporeswa. Zvino vaipinda chechi imwechete. Zvino, yaiva chechi yeMethodist. Muparidzi weMethodist, Hama Smith, ndivo vakanga vakamira pamahombekombe neungano yavo.

<sup>33</sup> Zvino ndakatanga kubhabhatidza nenzira yeBhaibheri, norubhabhatidzo rwechiKristu. Uye pandakanga ndabhabhatidza vanhu vashanu kana vatanhatu, takazongoerekana pava romutsetse, pachikomo ipapo. Vaya vechiMethodist ndokutangawo kuuya kuzobhabhatidzwa nembatya dzavo dzakanaka muzita raIshe Jesu. Vaiteverana mumwe kumashure komumwe, madzimai nembatya dzavo dzesiriki dzinopfekwa nguva yokupisa, vachipinda mumvura iya yakavhunduka, vachipukuta misodzi, iyo “lipstick” ichigezeka nemvura, vachiuya ku—ku zo—zo—zoreurura no—nokuzobhabhatidzwa.

<sup>34</sup> Paboka raiuya iri, paiva nomurume akasimba, aiva namapipito akafara, akagerwa pachi GI, aine kumeso kwakafara, murume aitaridzika kusimba akauya nesutu yake yakanaka, ruvara iri yebhuru-u. Akati, “Iniwo, ndaita sarudzo yangu”. Aiva Busty Rogers, hapana akanga amuudza chinhu. Ipapo pakupupura kwake ndakamunyika muZita raIshe Jesu Kristu.

<sup>35</sup> Zvino vhiki yakapera ndakamuviga muguva kuMilltown. Ndikaparidza pamusoro *poKukwana Kwokumuka Kuvakafa*. Pakufamba kwangu somumishinari, ndichiona vamwari vakasiyana-siyana nemifungo yakasiyana siyana; Uye kunze kwechiKristo zvimwe zvose izvi, ipfungwa bedzi, matendere avo *eichi, neicho, neicho*. Asi Musiki mukuru akaita zvisikwa! Pane chisikwa pakafanira kuva noMusiki. Uye kana paine chisikwa, chinenge chakaitwa noMusiki. Basa romunhu woga woga rinoratidza zvaari. Muvezi wakanaka, anoveza zvakanaka, kana anovaka. Uye kana ari makanika akanaka, anogadzira zvakanaka. Basa rako rinoratidza zvaari. Uye zvisikwa zvaMwari zvinoratidza Mwari. Zvakare Mwari wakagadzira zvinhu zvose aine chikonzero. Chose-chose chinozadzisa kuda kwaMwari, chinokumuka, kana chafa. Ndiudze chimwechete. Uye ndakapa mienzaniso yakawanda, zvakadai namaruva nemiti.

<sup>36</sup> Uye kuti zuva parinobuda mangwanani, rinenge mwana artangoberekwa, miseve yezuva inenge isina simba. Nenguva dzokumateni (10), rinenge raita sejaya. Nenguva dzal2 masakati rinenge ropenya musimba raro, kufanana norunako rwomudzimai kana murume. Nenguva dza2 masakati makuru, rinenge rava kufanana nomurume akura. Kuzoti nenguva dza5 zuva rodoka, rinenge rotanga kuita sasekuru, rava kunyura. Kupedzisira chiedza charo chinodzima panyika robva rafa. Ndiwo here magumo aro? Rakaita kuda kwaMwari. Rakameraa mbeu nechiedza charo panyika. Miti ingadai yakafa mugore rakapfuura, inorarama naroo. Ndiwo here magumo aro kana razadzisa kuda kwaMwari? Rinobuda zvakare mangwana mangwanani, riine upenyu hutsva! Muti wose unoita zvimwechete, chose zvacho, mwedzi, nyeredzi, zvomuchadenga, zvose zvinopupura.

<sup>37</sup> Zvino kana munhu akazadzisa kuda kwaMwari, anova nokumutswa pasina kukahadzika. Chinhu bedzi chaunoita, ku, Mwari arikumirira kuti nguva ikwane, ndizvo zvaari kuita iyezvino.

<sup>38</sup> Mashizha makuru akazunzika kubva pamuti, akazunzika tingadaro matsvuku, mamwe girini, mamwe bhuru-u, mamwe mashava, mavara akasiyana-siyana ari panyika, ari munyika umo zvisikwa zvaMwari zvakafushirwa murufu. Mwari akasima maruva mazhinji. Anoziva paakasima maruva aya, anobukira panguva yepfumvudza! Nguva inofamba kusvikira zuva rasvika zvakare paraiva, zuva robva rameraa maruva aya akambenge afa.

<sup>39</sup> Rega kuti, “Awa ndiwo magumo”, kana muchiona mashizha otsvukuruka mumiti, hazvirevi kuti ndiwo magumo. Chinomirirwa bedzi, kufamba kwenguva yaMwari, kusvikira nguva yokuuya kweMwana waMwari. Vose vakafa muna Kristu vanomuka zvakare. Muhupo Hwake, tichiMurangarira. Ini, kana



ndasvika kumagumo enzira yangu, ndinoda kufira muHupo Hwake, ndichiMurangarira, kuti iye ndiye Kumuka noHupenyu. Ndiye wacho.

<sup>40</sup> Zvino patinouya patafura yaShe. Tafura yaShe, sokutura kwandamboita kumashure, hakusi. . . Tinotenda kuti chatinoti “chirairo chaIshe” ku—kutora chingwa. Tinoisa chinhu chisiriicho—chi—chisiriicho. . . Tinoisa chinhu chakanaka panzvimbo isiyu. Hachisi chingwa chine basa, haisi waini ine basa, chinongova chingwa chekosha newaini. Asi chaizvo ndezvizvi, *chirairo* zvinoreva “kutaaurirana”. Uye, tichitaurirana Naye, tichiMurangarira. Ndinofunga kuti ndiyo nguva inonyanya kuropafadza pakuungana kwedu. Murikuona? Nguva yose yopenyu hwedu yakafanira kuva yokuyanana.

<sup>41</sup> Kuwadzana naShe kwakafanana nechitubu mukati merenje. Kufanana nechitubu chetsime remvura, pa—panosvika mufambi, omira kuti anwe mvura, kusvikira nyota yake yapera. Ndiko kurangarira Ishe. Tichiuya sokuraira Kwake patafura yaShe, apo mufambi ari—arikufamba anogara panyika pamwechete nesu, pamwechete, tinouya patafura Yake, ipapo tonwa maropafadzo Ake nenyasha Dzake neShoko Rake, tichiyanana paShoko Rake, kusvikira nyota yedu yapera. Zvino tinozobva panzvimbo yokunamaira, tavandudzwa noekugutswe; tichienda kundosangana namatambudziko erenje rohupenyu. Hongu, chisipiti murenje, chinotonhodza mwoyo yedu, nokutigutsa kana tava nenyota.

<sup>42</sup> Ndizvo zvakafanira kuva muKristu wose. Zvino gu. . . Ndizvo zvazviri kumunamati wose wechokwadi, anoshuva kuva pamwe navamwe. Pane chimwe chinhu chiri mukuyanana kwavatsvene chi—chinohuMwari, kunotungamirirwa naMwari, kutsvene uye kunoera. Zvino vatsvene vanonzwa nyota yazvo.

<sup>43</sup> Sokutura kwaDavidi, “Senondo inotakwairira hova dzemvura, saizvozvo mweya wangu unotakwairira imi Mwari”. Nondo inenge yabatwa namakava, yo—yopukunyuka yabvarurwa muviri. Inomira, ichifemereka ichitarisa. Inogona kuziva kunemvura nechipo chayo chayakapihwa naMwari, inonzwa mweya wemvura iri kure chaizvo. Inosimudza musoro wayo mudenga uku ropa richibuda. Uye inoziva, kuti ikangosvika chete pachitubu, inorarama. Hapana chinozokwanisa kuibata. Kana ikasvika bedzi kune mvura, inosiya imbwa yose ingada kuitandanisa, inoziva kuti ya—yawana chinhu chinoipa upenyu.

<sup>44</sup> Zvino kana kereke ikasvika pachinhano, chokuti Kristu anokosha zvokuti tinonzwa nyota yokuva muHupo Hwake uye pamwechete navamwe, ndizvo zvinopa Upenyu. Hapana dhimoni ringakukunda. Kunyange rufu chairwo runokundwa ipapo. Aa-a, itariro yakadini! Inzvimbo yakadini! Patinonzwa tichifefeterwa. Uye, tichiita izvi tinorangarira kuti Kristu

ndiye Akaita kuti zvikwanisike. Ndiye Akatiitira, tinofanira kuMurangarira. Nokuti, rangarirai, kuti imwe nguva taiva vatorwa, tisina Mwari, Vahedheni, tichinamata mifananidzo isingatauri. Asi, rangarirai kuti Kristu haana kufira maJudha bedzi, asi, Kristu wakafira vanhu vose, vorudzi rwaAdama rwakawa.

<sup>45</sup> Patinouya kuMurangarira patsime Rake pa—pachirairo chaShe, zva—zvakananira kutirangaridza nguva iya Isiraeri ichifamba. Vakauya, sokurairwa kwavo, munzira yavo vachibva kuEgipita vachienda kurusununguko, kunyika yechipikirwa, vari mukufamba uku vakashaya mvura. Kwose kwavaitarisa kwakanga kwakaoma...muzvikomo zvose maifanira kuva nezvitubu, makanga musina. Zvino vakanga voparara murenje. Asi, kwakawonekwa Dombo, Mosesi raakarova mukabuda mvura zhinji. Varume vose, madzimai, navana nezvipfuwo, zvose zvaiva nenyota zvaigona kunzwa mvura zhinji iyi yakawanda.

<sup>46</sup> Johane 3:16, gwaro rinokosha muBhaibheri rinoti, “Nokuti Mwari wakada nyika nokudaro kuti wakapa Mwanakomana wake kwairi kuti ani nani anotenda kwaari (anotenda, anowadzana, anomurangarira) arege kufa asi ave noupenyu husingaperi”. Tichirangarira kuti Kristu ndiro Dombo redu rakarohwa, kuti aponese nyika iri kuparara, maHedheni ari kuparara, maJudha ari kuparara, nyika iri kuparara. Kristu wakapa Hupenyu Hwake mukuzara kwahwo, kuti vose vane nzara nenyota, sokutaura kwoMuprofito, “Nhai, imi mose mune nyota, uyai kumvura zhinji, nousine mari, uyai mutenge huchi nomukaka;” Uyai, nokuti chirairo naShe, uyai muchirangarira Ishe.

<sup>47</sup> Ndinofunga zvakare nokurangarira Ishe zvakare panzvimbo yokufefeterwa, patsime rainzi *Beeri-raahi-roi* mururimi rwechiHebheru zvinoreva kuti “tsime rouyo anorarama anondiona”. Hagari, haana kunzwisisa, asi aiva mukuda kwaMwari. Haana kunzwisiswa, akaitirwa zvisiri izvo, uye akadzingwa, asina kwokuenda, nomwana akanga ava kuda kufa, uye mvura yanga yaperera mubhodhoru. Mwana aichema. Mwoyo waamai chete ndiwo unoziva zvazvinoreva kunzwa mwana achichemera mvura, rurimi rwake rwuchizvimba, miromo yake yawoma, iye mwana achipera simba. Akadzingwa, kuri kuda kwaMwari, asina kwokuenda. Ivo amai, vake vaisanwa mvura vachiitira mwana, kusvikira anwa donhwe rokupedzisira. Bhodhoru risisina mvura akariisa pasi ndokuenderera mberi. Zvino mwana aichemera mvura, simba rake richipera, zvishoma nezvishoma; uye aiva mwana wake woga.

<sup>48</sup> Pasina kupokana mumwoyo make aichema achiti, “Oo—o Mwari, ko ndakaitei? Ko ndakaitei?” Haana kukwanisa kuti aone mwana wake achifira mumaoko ake, nokudaro akamuradzika pasi pegwenzi. Akafamba chihambwe chidiki, mayadi (yard) angaita zana kana kudarika, akapfugama pamuti

waakanga aona, akatanga kuchema. Zvino, akashamisika kuti, “Sei?” Kana akaita zvakanaka ko zvauya sei paari? Kazhinji tinofunga saizvozvo mukurwara nomukutambudzika kwedu, murikuona, asi pamwe Mwari anozvitendera kuti aratidze nyasha netsitsi dzake. Zvino ari kufunga izvi, akanzwa kuchema komwana kuchiderera zvishoma nezvishoma kusvikira asisakunzwe, pamusana pokushaikwa kwemvura.

<sup>49</sup> Akanzwa izwi richiti kwaari, “Uri kuchemei? Ko uri kuchemerei?”

<sup>50</sup> Akasimudza maziso, akaona tsime remvura. Chitubi ichi chakanyaradza vakadii! Beeri-raaho-ri, Pamwe ndiri kukanganisa kutaura zita racho zvakanaka. B-e-e-r-i--r-a-a-h-i-r-o-i, zvinoreva kuti “tsime rouyo anondiona! Iye asingafi! Merkizedeki! El Shaddai! Iye anorarama uye anondiona, anoziva zvido zvangu, Andirangarira. Iye Akandirangarira pandakaMurangarira, uye ndinoziva kuti anorarama, Akaisa tsime remvura murenje.”

<sup>51</sup> Zvino, tinokwanisa kuratidza zvimwechete pamharidzo yatinhayo, muzuva ranhasi, apo makereke ava renje, madhinominesheni, uye—uye ne—ne—nevaparidzi vanoparidzira kufadza, uye ma—mapfekero namaitire enyika akapindawo, ndokuparadza zvichi-denominator.

<sup>52</sup> Zvino kufunga kuti ndimire zvakare husiku huno, patsime roUyo anorarama uye anondiona. Kurangarira Kristu ndizvo zvakunofanira kureva kumutendi wose. Hongu. Zvino, vakasamunzwisia ndokubva vamudzanga. Jesu akati, ari pano panyika, “Ndini Mvura Mhenyu, Ndini Mvura yoHupenyu”.

<sup>53</sup> Ndiri kuda kutora imwe pfungwa yauya kwandiri. Jesu paaitongwa, asina mhosva asi vachida kumuita chiseko bedzi . . . Akabva kuna Pirato akaendeswa kuna Herude. Zvino Pirato aisafanira kudaro, uye, munoziva, akatomboedza kugeza maoko ake. Asi kana ava pamaoko ako, wakafanira kutora sarudzo yako. Haungazvisaidziri kuno mumwe munhu. Ndiwe, iwe partako. Asi, iye Akamuendeswa kuna Herude, ku—kuti va—vamuseke bedzi, nokuti Aizivikanwa kwazvo somuiti wamashura nezvimwe vakadaro, uye vemachechi havaiMuda. Zvino Pirato partake, akafunga kuti amutumisire kuna Herude, uye kuti dzimwe nguva zvingapedza kusanzwanana kwaiva pakati pavo.

<sup>54</sup> Zvino Jesu akatorwa kuendeswa kudare raiva pamusoro, raHerude. Paakasvika kunaHerude, Herude akava nomukana bedzi waagona kuva nawo! Ko munhu angapusa vakadii? Dai Herude akaziva kuti pamberi pake pakanga pakamira kuzadziwa kwevaprofita vese vechiHeberu veka . . . uye chechi yenyika, yaivapo, kwaiva kuzadziwa kwezviprofita zvose zvakambotaurwa. Mukana bedzi waikwanisa kugutsa mwoyo

wake wakanga wakazara nezvivi, nenyasha netsitsi. Aiva munhu benzi zvakadini.

<sup>55</sup> Asi hazvipfuuri hupenzi hwavanhu vanhasi, vanopiwa mukana mumwechetewo nokuti tava namakore zvuru zviviri zvedzidziso Yake, nenyasha Dzake. Asi chinhu cha—chakapusa sei chakaitwa naHerude paakamira pamberi Pake akatadza kumukumbira hake tsitsi nenyasha, kana kumbokumbira hake kuregererwa zvivi. Haana kuziva kuti pamberi pake...Handifungi kuti murume uyu akaziva kuti pamberi pake pakanga pakamira Munhu akadaro. Chimbofungai kwekanguva. Nokuti Munhu uyu akanga asina zita ra—raizivikanwa rine mbiri muvanhu, vamamasangano akasiyana na—namakirabhu, nezvakadaro, vaaifambidzana navo. Akanga asina zita rakadaro.

<sup>56</sup> Asi pakati pavanhu vaiziva Bhaibheri nevimbiso dzaro aiva naro. Regai nditi dzikei zvishoma, ivo vakanga vakatemerwa kuHupenyu husingaperi, Achingomira pamberi pavo vakabva vangozvibata.

<sup>57</sup> Herude haana kuzvziva kana kuzviona. Zvinhu zvinonzwisa tsitsi zvakadii. Zvakataurwa navaprofita kwamakore zvuru mazana mava, kuzadziwa kwezvaitarisirwa nenyika kwakanga kwamira pamberi pake. Pamberi pake pakamira kuzadziwa kwazvose. Ndingataura izvi zvakare, kuti akanga akapusa, nokuti akatora sarudzo youbenzi, nokuti, munoono kuti haana kukumbira nyasha. Akakumbira kuti amu—amutandadze. “Oho-o, ndakanzwa kuti u—unoita mashura”. Akakumbira kutandadzwa pane kukumbira nyasha.

<sup>58</sup> Muzuva ranhasi, nyika iri kuratidza sarudzo yaHerodi zvakare, vachiona Kristu achiitwa nhasi uno sezvaAkaita nguva iyoyo, asi vanoda kuti, “Ndinoda kuona uchiita *ichi neicho*.” Ungati Herude artashaya pokumira? Vanhu venguva ino vachamira pakaipa kupfuura Herude! Herude akava namakore zviru zvina zvemienzaniso, yavaprofita navachenjeri. Isu tine zviru zvitathanu, nokudzidziswa kunopfuura kwavaiva nako. Ndizvozvo. Chii chakaitwa! Nanhasi, Ndizvo zvimwechete!

<sup>59</sup> Chikonzero chaiva chii? Herude haana kumbomira kufunga zvakakwana nezvazvo. Haana kumira kufunga zvakakwana nezvazvo.

<sup>60</sup> Ndizvo zvinoita vanhu nhasi. Varikuona zvinhu zvikuru izvi, zvovashamisa, asi havamiri nguva refu. Vanoda kuteerera rabhi kana munhu anedzidzo yeBhaibheri anotsanangura kusvikira pasisina chiripo. Asi zvakadaro, ndikafunga pamusoro peJeffersonville, kuti ndingadai ndakakufungatirai semhambo panhiyo dzayo, asi munoramba. Ndingadai ndakakuunganidzai? Ndingadai ndakaita nzvimbo ino se—segadheni iro marudzi ose aiuya, asi imi munoramba. Murikuona? Murikuona?

61 Zvino onai kuti Herude anozorangarirei pazuva iro? Mukana wake mukuru uyu, asi akauramba. Manheru ano ari munzvimbo yerima, achirangarira zvaakaita. Asi hazvichabatsira.

62 Ngazvisaitika kwatiri. Inguva yokushanyirwa kwedu. Ngatirangarirei Kristu, kuti mumwechete zuro, nanhasi, nekusingaperi, VaHeberu 13:8. Regeera kumira kusvikira, wava kunzvimbo dzerima, mausingakwanisi kuva muHupo hwaMwari, uye nguva yako panyika pano yapera, wava mukutambudzika kunofanana nehope dzedzikirira unozorangarira kuti wakawana mukana ukaramba. Vadiki ngavacherechedze zvinhu izvi. Mose cherechedzai zvinhu izvi.

63 Herude haana kuita hanya. Nguva bedzi yaakakwanisa kuwana akada zvake kutandadzwa, achida kuti Jesu amuitire zviratidzo sokuburitsa tsuro mungowani, kana, munoziva zvimwe zvakadaro. Aifunga kuti dzimwe nguva zvaiva zvemishonanga. “Takanzwa kuti Unokwanisa kuita masaramusi. Ita ndionewo nhasi.”

64 Uye regai nditaure izvi nokuremekedza. Kangani vanonzi vaparidzi nhasi vachiti, “Kana kuine Mweya Mutsvene, kana uchitenda kuti Mweya Mutsvene uripo sezvawaiva pakutanga, ndinoda kukuona uchitora *chembere* ari *apa*, kana *izvi*, murume ari *apa*, mukadzi uyuari *apa*. Ndinondouya navo. Ndinoda kuona uchiita shura.”

65 Vanoziva here kuti ndiwo mweya mumwechete (kwete havazivi) wakati kuna Jesu, “Kana Uri Mwana waMwari shandura mabwe aite chingwa. Kana uri Mwana waMwari tiudze kuti ndiani akurova musoro. Kana uri muProfita tiudze kuti ndiani akurova,” vakamusunga nejira kumeso kwake. Vaimurova mumusoro vachitambidzana muti wokurovesa vachiti, “Tiudze, kana uri muProfita. Tiudze kuti ndinai akurova tinozoKutenda. Tiudze kana uri, Mwanakomana waMwari. Takatendeka mumwoyo yedu. Kana uri Mwanakomana waMwari, buruka pamuchinjikwa tinobva tatenda kuti uri Mwanakomana waMwari.”

66 Handizivi kuti vanhu muzuva ranhasi, varume, navakadzi vakuru navadiki, havana kumira panzvimbo yakadaro here. Asi uchazorangarira, rimwe zuva, kuti waiva muHupo Hwake, paTsime rake; asi mukatsvaga kuona masaramusi kana shura kana zvakadaro, “Zvinoita kuti nditende. Ndikangonzwa kubvunda kumusana, ndikangoita *izvi nezvizvi*, ndinozotenda.” Murikuona, kakungotekenyedzwa, ndiko kunamata zvifananidzo chaiko! Zvino unga . . .

67 Munoziva, Jesu akati pane imwe nzvimbo, Akabvunza mubvunzo. Manheru ano ndirikuda kubvunza kereke izvi. Jesu akati, “Munondiitirei? Munondiitirei? Munondiitirei, ‘Ishe’ musingaiti zvandinokurairai kuti muite? Munondiitirei ‘Ishe’ musingachengeti Shoko Rangu. Munondiitirei ‘Ishe’

muchiramba zvinhu zvandakakuudzai kuti muparidze nokudzidzisa? Ko chii? Chii chinoitisa izvi? Imhosva yokuti tsika dzedhinominesheni dzinovatadzisa kuona Shoko. Zvino chinhu chose chaunomisa pakati pako naMwari, mupunzo, chinotora nzvimbo yaMwari. Munondiitirei “Ishe”? *Ishe* zvinoreva “uri wake,” Ishe muridzi wenzvimbo. Zvino kana Mwari ari muridzi wohupenyu hwangu, kana ndiri wake, iye akanditendeutsa rimwe zuva ndiri munzira yakaipa, akandidaidza nechikonzero, ko ndingaitei kunze kwokuzadzisa kuda kwaKe, sezvaakaita kuna Petro. Ko ndingaita chimwe chii kunze kwokuchengeta Shoko rake? “Munondiitirei ‘Ishe’?”

<sup>68</sup> Ndinoda kutaura pamusoro poumwe munhu, tionei nezvake. Ko Judasi, anoMurangarira nei? Tiri kutaura pamusoro pokurangarira Ishe. Nhasi manheru, kana narini, Judasi anorangarira kuti akatengesa hudangwe hwake. Akatengesa Jesu nokuda pfuma. Tinoseka Judasi—Judasi. Tichiti aiva munhu akaipa, anonyangadza, haana kwaakakodzera kugara kana navanhu, haakodzeri kudenga. Sei? Akatengesa Ishe, wake mushure mokunge awana mukana wokuva mu—mudzidzi, muapostora, kudanwa kukuru kwazvo muBhaibheri, kunopfuura muProfita. Aiva nomukana wokuva mu—muapostora, akatengesa mukana uyu nokuda pfuma. Zvino nhasi ari kuzvirangarira. Ndizvo zvaanorangarira nazvo Jesu: kukarira pfuma.

<sup>69</sup> Handizivi kuti vangani vavo manheru ano vanomira papurupiti vachiparidza, vakapfeka mbatya dzavaimbi, vakagara muzvigaro samadhikoni, kana vari munzvimbo dzevabati vechikwama, kana zvimbo ipi zvayo, muchechi, kana mufundisi papurupiti, asi vachitengesa mukana wavo kuti vawane kurumbidzwa, vachinzi “Dokotera, Bhishopi *vanhingi*,” kuti varumbidzwe, vawane zvinovabatsira.

<sup>70</sup> Mumwe murume akati kwandiri, “Ndinotenda kuti ichokwadi. Asi ndikaparidza izvozvo, munozondiona mumigwagwa ndichipemha.”

<sup>71</sup> Munorangarira here mupfumi naRazaro, kuti magumo avo uye nzvimbo yavo kudenga yakazoveyi? Kunyangwe mumwe. . . aipemha, mumwe aiva mupfumi, asi rimwe zuva mamirire acho akazoshanduka, uye vose vaizvirangarira. Zvino, vanhu husiku huno vanoshora Judasi akaMutengesa kuti awane pfuma, asi vazhinji vanoita zvimwe chetezvo nhasi, vanomutengesa kuti vawane pfuma.

<sup>72</sup> Vaprisitavo nezuva iro vartarangarira kuti vakatengesa chanzi yavo, chanzi yokuva varanda vake, kuva mudzidzi waKe, kuva muteveri waKe. Vakatangesa chanzi nokuda kwegodo chairo. Vaiva negodo neDzidziso yaKe. Asi, paaiva namakore gumi namaviri okuberekwa, akavanetsa nemivhunzo yaKe; asi havana kuzviona, kuti ndiMhesiya. Havana kukwanisa kuita

zvaAiita. Uye vaitya kuti vaizorashikirwa nohukuru hwavo pavanhu vari pamusoro-soro, zvino vakatengesa mukana wavo. Vane mhosva kufanana naHerude.

<sup>73</sup> Ndizvo zvakaitawo nhengo yechechi yanhasi. Kana vaivimba nedhinominesheni ravo vachityira chi—chimiro chavo, kuti, vangangodzingwa mumasinagoge, chaiva chii zvino? Kunamata mufananidzo! Kunamata dzidziso, kunamata kereke, vachiramba kugamuchira Shoko benyu rairatidzwa pamberi pavo.

<sup>74</sup> Vakaona Shoko raMwari. Bhaibheri rinoti, “Takamuona tikamubata” Vanhu vakatoisa maoko avo pamusoro peShoko chairo raMwari, benyu, rairatidzwa; asi ndokurega tsika dzavo nedzidziso dzavo zvichimira pakati pavo kugeza pota nepani, chinhu chinonyangadza chichimira pakati pavo naMwari Mupenyu. Hongu.

<sup>75</sup> Chaiva chii? Vaiva norusaruro. Vaita rusaruro pamusoro peEvhangeri yake yakakwana yaAidzidzisa, Shoko raBaba. VakaMuitira godo. VakaMuitira rusaruro. Kana vachikwanisa kurangarira, vanokwanisa zvakare kunyange vari mugehena, ndizvo zvavanorangarira nazvo. Ndiyo nzira yavanorangarira nayo.

Ungati, “Aiwa, aiva maFarisei.”

<sup>76</sup> Pane mudzimai aisiuya kucheche ino. Ndinofunga vazhinji venyu munomuziva, anogara kuzasi kwomugwagwa uko mati ibvei pano. Akanga adzokera shure. Uye pose pandinomuona, anomhanyira kwandiri achiisa maoko ake mune angu, oti, “Hama Bill, ndinamatireiwo. Ndakadzokera shure.” Murume wake ndi . . .Kwete, ndinofunga vanogara kumusoro mumugwagwa uyu. Ndakamuona ari muMweya, ndakaona Mweya waMwari uri pamusoro pake, iye achidanza, nokufara, uye nezvakadaro. Zvino anga adzokera shure. Uye nguva yapfuura akanga ari muchipatara, achifungidzirwa kuti, ava kufa. Akakumbira kuti ndizomunamatira.

<sup>77</sup> Iye nomurume wake vakabatsira mudzimai wangu chaizvo, apo mudzimai wangu, achiri mudiki, asingatidzike, kumeso kusina kugezwa, vaimutengera mbatya apo neapo kumubatsira kuti aende kuchikoro. Zvingava zvidiki sei, haungaitire Mwari chinhu iye akasachirangarira. “Chipi nechipi chamakaitira mumwe wavadiki ava, makaitira ini.” Sechingwa pamusoro pemumvura, chinodzoka zvakare kwauri rimwe zuva.

<sup>78</sup> Arere apo mudzimai uya anga adzokera shure, achichema, akabata ruoko rwangu. Uye aka . . .Ndakati, “Zvakanaka hanzvadzi ndicha—ndichakunamatira.

<sup>79</sup> Pamubhedha waiva pedyo paiva nomumwe mudzimai akanga akarara akapeta maoko ake akanditarisa. Mwana wake wakanga agere parutivi rwake, angaita makore makumi maviri, aitaridzika saRiki wanhasi.

<sup>80</sup> Zvino, handisi kushora kana zita rako richinzi Riki, asi ndiri kuti... Kare hamaimbonzwa mazita akadaro. Elvis naRicky, mazita enguva ino, murikuona. Kana une mwana ane zita rakadaro, mudaidze nezita rimwe kana asina, mupei rimwe.

<sup>81</sup> Akanga akagara ipapo akanditarisa, ndakatanga kukotamisa musoro wangu, ndakamuona akanyatsotarisisa... akati, “Mirai zvishoma! Vharai keteni iro!”

<sup>82</sup> Ndakati, “Ndanga ndichida kunamatira mudzimai uyu. Ko hamusi—hamusi mu—mutendi here?”

<sup>83</sup> Akati, “Ndinokuudza kuti, tiri maMethodist, uye tinoda kuti uvhare keteni iro!”

“Zvakanakai amai,” ndikavhara keteni.

<sup>84</sup> Murikuona, zvimwechete. Ndizvo zvimwechete nhasi, vanosarura! Ko akaziva sei kuti ndiri muparidzi wokupi? Handina kunge ndakambomuona mudzimai uyu. Asi dzimwe nguva akanzwa kuti ndinotenda mukuporeswa kwavanorwara, zvino iye akadzidziswa zvakasiyana naizvozvo. Akanga asina chokuita nazvo, akageza maoko ake pazviri. Aitya kuti zvingauyawo kwaari. Musanetseka, hazviuyi, saPirato akageza maoko ake.

<sup>85</sup> Uku, hakusi kutsoropodza vanhu veMethodist; uyu aiva mudzimai mumwechete, zvingadaro ari maitiro akewo zvake. Handifungi kuti maMethodist ose ndizvo zvaanoita nokuti ndakanamatira vazhinji vavo. Vakandidaidza kuti ndivanamatira, mashura nezviratidzo zvikaitwa pakati pavo. Haizi mhosva yavanhu vari mudzichechi; asi hurongwa hwavari pasi pahwo, ndihwo hunovakanganisa. Asi mukadzi uyu aiva mumwe wemhando yakadaro. Chii? Ichepfu chaiyo, igodo rakazodzwa naSatani.

<sup>86</sup> Ndingataura chimwe chinhu. Pa—pano mumwe musangano wakamboitwa muguta rino imwe nguva, vakabvunza kuti sei ndisina kudaidzwawo ikoko. Regai ndisiye nyaya iyi nokuti ndiri muguta rino. Asi, uyewo, hapana chikonzero, igodo zvaro, chitendero chavanhu, kunamata mifananidzo. Tinoda sei kuti dai tafungatira vose, asi kana uchisemwa... Jesu aida kudaro. Rangarira kuti, rimwe zuva uchazvirangarira. Unotozozvirangarira.

<sup>87</sup> Zvinondirangaridza chapupu chakapiwa pasina nguva zhinji yapfuura. Muparidzi, aikwira nerifiti, mune imwe imba inonzi Heyburn. Pakanga paine varume vatatu vakakwira nomuparidzi uyu, vari mu—murifiti (elevator), uye ava—ava varume vakanga vasingazivi kuti uyu aiva muparidzi, handifungi kuti vaiziva. Zvino vari kukwira, rifiti (elevator) yakamira mumba yechisere kubva pasi. Mumwe wavo akatarisa kumuparidzi akati, “Unozivei? Pano ndipo padyosa nokuDenga patichazombosvika.”



<sup>88</sup> “Hongu” muparidzi akadarwo, “Ndi—ndinofunga uri kutaura chokwadi. Ndi—ndinofunga uri kutaura chokwadi nokuti kana tichivimba nokukwanisa kwedu, pano ndipo padyosa neDenga patinosvika.” Ndizvozvo. Kana uchivimba nezvaunokwanisa kuita, uri kurangarira zvawakaita. Ndinechokwadi kuti vazhinji vedu tinoziva kuti hapaana chatakaita, hapaana chatakakodzera kuwana. Akati, “Kana mukavimba nezvamunokwanisa kuita, ndipo padyosa neDenga pamungasvika.” Zvino tichivimba munezvatinokwanisa ndipo patinosvika.

<sup>89</sup> Asi, ndinoda kutaura chimwe chinhu. Dai ndikakanganwa zvandaiva, ndorangarira zvaAri, dai ndikarangarira Jesu, dai ndikamurangarira Pamuchinjikwa, dai ndikarangarira zvaakandiitira, uye ndikarangarira nguva yaakasuka zvivi zvangu, akandipa Mweya Mutsvene kuti anditungamirire, zvino ndinobva ndasimudzwa pamusoro pazvose zvinondidhonzera pasi. Ndinosisimudzwa pamusoro pezvinhu zvose zvenyika, kuiswa munzvimbo dziri kudenga muna Kristu Jesu, kwandinoyanana naye. Imomo muHupo Hwake, ndichikanganwa zvose zvandaiva, ndichikanganwa zvivi zvangu zvose nokuti zviri mugungwa rokukanganwira. Ndichikanganwa zvekare zvose, ndichikanganwa zvose, ndichirangarira kuti wakandiita wake, nokuda kworufu Rwake. Akatora nzvimbo yangu. Uye ini ndanga ndisina kodzero yokuenda kupi zvako asi kugehena, Akatora nzvimbo yangu, akandisimudzwa kubva kugehena. Akaenda ikoko panzvimbo yangu. Akandisimudzwa nenyasha dzake zhinji, iyezvino tiri vanasikana navanakomana vaMwari, uye tinogara munzvimbo dziri kudenga muna Kristu Jesu, matinomufaro nguva dzose uye tichirangarira Iye akatifambisa zvakanaka kusvika patiri iyezvino. Nokutenda kuchipfakanyika mumwoyo yedu, kuchitisunda, uye nenyasha Achatitungamirira.

<sup>90</sup> Zvino nameso okutenda ndinoona gwaro Rake richizadziswa, “Zvino vava vaAkatemera kare, ndivo vaAkadanawo; vaakadana, ndivo vaAkaruramisawo; vaAkaruramisa, ndivo vaAkakudzawo”. Nokudaro nepfungwa iyi, ndinomira muungano yavanhu, mune Mweya waMwari, uye tinosimudzwa munzvimbo dziri kudenga muna Kristu Jesu. Tichitarisira nguva iyo mutumbi uno wenyama unomwoyo, uchamira kurova rimwe zuva, uchashandurwa uchipiwa mwoyo woMweya ucharova nokusingaperi, pasina kurwara, pasina nhamo, pasina kukwegura kana chinhu chakadarwo.

<sup>91</sup> Rangarira Jesu. Kana chinu chmafuta chaperu kumba, uye kana musisina upfu, rangarirai Jesu. Kana chiremba ati hapasisina tariro, rangarirai Jesu. Kana Wakaipa achikuedza sokuimba kwatinoita rumbo tichibuda, “kana miedzo yatikomba, dana paZita rake Dzvene mukunyengereta.”

<sup>92</sup> Kurangarira Jesu, rangarira kuti ari kuuya zvakare. Jesu mumwechete akatorwa kubva kwatiri artadzoka zvakare

sokuenda kwaAkaita kuDenga. Rangarirai kuti ari kuuya kuna vake.

<sup>93</sup> Ngatikotamisei misoro yedu, tinamate. Nemisoro yedu yakakotamiswa. NeMharidzo diki iyi isina kunyatso vakwa, iri mumwoyo wako, unoda here kuti Akurangarire iyezvino? Kana uchida, simudza maoko ako, nezvinokosha zvaunoshuva, “Ishe ndirangarirei.” Munyori akati, “Ndirangarirei apo misodzi yava kuerera.”

<sup>94</sup> Baba vedu vatsvene-tsvene, tafarira kwazvo Hupo hoMweya Mutsvene, achitiratidza Shoko roHupenyu, patinorangarira gomba ratakaburitswa, uye zvino takaburitswa tikaumbwa kuitwa vana vaMwari, nenyasha dzaJesu Kristu. Ndinomurangarira apo chiremba akatarisa kumeso kwangu akati, “Kwasara nguva diki-diki,” Ndinorangarira Jesu. Ndinorangarira Jesu pandaiva paaritari ndichichemera nyasha mwoyo wangu wakaremerwa, ndinorangarira mutoro wakandisiya. Jesu akatora mutoro wangu. Mwedzi mishoma yapfuura, ndakagara pabhenji, ndichitarisa girazi repfuti, yandaida kupfura nayo, Satani akafunga kuti, “Zvino iyi ndiyo nguva yangu.” Zvino pfuti payakaputika, ikaita zvidimbu-zvidimbu zvichikandwa kose-kose, moto wehunga waiputika wakandikomberedza, ndakaedza kusimuka netsoka dzangu, ropa richibuda, ndinorangarira kuti ndiJesu. Chiremba paakatarisa akashaya kukuvara kwakanyanya, akati, “Chinhu chimwe chandinoziva, ndechokuti, Ishe anga akagara ipapowo, achichengetedza muranda Wake, angadai akadimurwa-dimurwa nokuputika uku.” Aiwa, Mwari tose tinorangarira zvinhu zvakadaro!

<sup>95</sup> Tinouya pachitubu chizere neRopa, rinobva mutsinga dzaEmanueri. Tiropafadzei, Ishe, tose husiku huno. Munoziva chi—chinangwa nechishuwo chiri pasi pehana yose yasimudza ruoko. Munoziva chishuwo nechido. Zvino somuranda wenyu, Ishe, ndi—ndinouya navo, uye—uye kubva muTebanekeri ino (nekutenda) tinosimuka, kupfuura makore nomwedzi, nenyeredzi ne—negwara renzou, tinosvika muHupo hwaMwari. Pamberi pangu pane aritari yendarira, Ipapo pane Chibairo chatinorangarira, Jesu, iye akati, “Kumbirai Baba chipi nechipi muZita Rangu, Ndi—ndinokuitirai,” Kutenda kwedu ngakurege kukundika, Ishe, asi ngatirangarire kuti tinogamuchira zvatinokumbira, kana tichitenda, patinorangarira kuti Jesu wakafa kuti tiwane izvi uye kuti zvive saizvozvo.

<sup>96</sup> Ishe, tiri kuona kuti muri kuwedzera kukura kweimba yedu. Ndimi makatiitira, ndimi makaiwedzera. Uye tinoziva kuti ndimi, Ishe, makatipa imba iyi pakutanga. Tinomamata kuti muropafadze kushingaira kwedu.

<sup>97</sup> Ishe, tinomatira mufudzi wedu, Hama Neville, muranda Wenyu munyoro, uye azere nenyasha. Anobvuma kushumira

panzvimbo yose-yose, hazvinei kuti ndokupi, ingava nzvimbo yakazvidzika, kungava kutsvaira chechi ino. Pose pamunomuda, ipapo ndipo paanoda kuitwa mudziyo, kukushumirai kwose kwamunenge maMudana. Tinonamata Mwari ku—kuti mumuropafadze.

<sup>98</sup> Mwari, mumuedzo mukuru uyu wandabuda mauri, naivo matrustee vakamira neni, ne—nechechi ino yakandinamatira, kusvikira takunda. Zvino, Mwari, ndinovanamatira. Ndinovarangariravo, Ishe, uye ndino kutenda kuti Muchazviita.

<sup>99</sup> Tinorangarira kuropafadza kwaMakatiita. Tinorangarira zvakare Shoko renyu, rinoti haMuzotisiyi kana kutirasa. Kuchembera hapana zvakunotiita, munoramba muchitirangarira, nyika isisipo uye nguva isisipo. Zvakanyorwa kudai, “Ko mai vangakanganwa mwana wavo here? Ini handikukanganwei. Makanyorwa pazvanza zvamaoko angu.” Zvipikiri zvakanyora mazita edu. Tinoziva kuti Munotirangarira, Ishe.

<sup>100</sup> Uye dai magara mundangariro dzedu dzatinodisa, soMuponesi wedu, muRapi wedu, Mambo wedu, Mudiwa wedu, Hupenyu hwedu, Zuva redu, Zvose-zvose zvedu, icho chitubu chisingapwi chenyasha norudo rwaMwari kwatiri isu vanhu vakawa vorudzi rwaAdamu. Tiitirei, Ishe, tichizvipira kwaMuri zvino, tichibva muTebanekeri muno manheru ano, tichirangarira Jesu. Amen.

<sup>101</sup> Unomurangarira here? Unomuda here? Zvino ndinofunga kuti, mumharidzo yangu isina kunyotsovakwa, tingataura izvi. Pauro akati, “Pane chipi nechipi chamunoita, itai muMweya.” Mune zvose tinofanira kuMurangarira. Tisati tatora sarudzo ngatimurangarire; tishaye chatinoita, nokuti zvinonzwisisika. Kana muvengi akakurova rimwe dama, ngatirangarire zvaakaita tisati tadzorera. Ngatirangarirei maitiro Ake. Kana paine sarudzo yakafanira kuitwa, ngatimirei, ngatirangarirei kuti Iye angadai akatora sarudzo ipi, zvino iyoyo ndiyo yakafanira kuva sarudzo yedu. Mukukurumidza, tirangarire kuti iye anga asiri munhu aikurumidza. Murikuona? Tikanyanya kufunganya, ngatirangarirei kuti Iye Anogara nokusingaperi, nguva haina zvainoreva kwaAri. Ndicho chinangwa nechido chomwoyo yedu. Ngatimurangarirei.

<sup>102</sup> Ngatimurangarirei zvino tichiimba ruyo urwu tiri muMweya woHupo Hwake, “I Love Him.” Kana muchigara murudo, munenge muchigara muna Mwari, nokuti Mwari rudo. Vanogara muna Mwari vanogara murudo. Murikuona? Zvino rudo haruna ruvengo. Rudo haruna godo. Rudo haruzvikudzi. Rudo runozvibata. Rudo runogara runohunyororo, rwakanaka, runoregerera, rune tsitsi. Hazvina mhosva kuti mumwe angava nenduru yakadini, rudo runoramba rwakadaro. Rudo ndiko kukwana kwenyasha. Rudo ndiko kuzara kwaMwari

kwatiri. Zvipo zvose zvapfuura, zviprofita, ndimi, kududzirwa kwendimi, zvose zvatakaita, kana rudo rwauya, ndiko kukwana. Ruri pamusoro pazvose, nokuti zvimwe zvose zvinokundika. Ndi—ndiko kutaura kwedare rokupedzisira. Ndipo pakasungirirwa zvose. Inyeredzi yokuChamhembe inochengeta ngarava kuti dzisarasika. Ndirwo runotiratidza nzira. Rudo ndiko kukwana kwazvose. Ngatizvirangarire patiri kuimba “I Love Him” (Ndinomuda).

I love Him, I love Him  
Because He first loved me  
And Purchased my salvation  
On Calvary's tree.

I love Him, I love Him,  
Because He first loved me (zvino rangarirai  
kuti akakuda akapa Mwanakomana Wake)  
And purchased my salvation  
On Calvary's tree.

<sup>103</sup> Zvino hanzvadzi ichtipa chuni nepiano, [Hama Branham vainoimba zvinyoro-nyoro vasingadudzi mazwi. “I Love Him”—Ed.] zvino mukutapira kwokuyanana, uye takagara pamwechete munzvimbo dziri kuDenga muna Kristu, ngatibvisei zvose, mumwoyo yedu. Uye rangarira kuti, Shoko raMwari rinodaro. Ndiri muranda Wake. Aripano. Ngatikwazisanei mumwe nomumwe tichiti, “Mwari akuropafadzei hama.” Kana uine muvengi, simuka uende kwaari, maona, “Mwari akuropafadze hama,” patinoimba rwuyo urwu tichikwazisana. Hamukwanisi here kuita izvozvo iyezvino, zvakanaka-naka muri muMweya.

I love Him, I love Him,  
Because He first loved me  
And purchased my salvation  
[Hama Branham inokwazisa maoko—Ed.]

Takasimudza maoko edu zvino.

I love Him, I love Him,  
Because . . . (Rangarirai Jesu)  
And purchased my salvation  
On Calvary's tree.

<sup>104</sup> Zvino ngatikotamisei misoro yedu tichiimba zvishoma [Hama Branham vanoimba vachihon'era “I Love Him”—Ed.] Kurangarira Ishe Jesu! [Hama Branham vanoramba vachiimba] “Ndiye akatanga kutida”. [Hama Branham vanoramba vachiimba] “Pamuti weKarivari.”

<sup>105</sup> Zvino hanzvadzi yedu achiridza, zvinyoro-nyoro zvinonakidza, ndichakumbira hama yedu inodikanwa . . . Hama Neville, pane zvamunoda kutaura here? Ndichakumbira hama Collins vari kumashure uko, hama yedu yakatendeka, mumwe

wavashumiri vedu, vativharireo nomunyengerero. Takakotamisa misoro yedu, Hama Collins.

[Hama Collins vanonamata—Ed.]



*KURANGARIRA ISHE* SHO62-1209  
(Remembering The Lord)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, Zvita 9, 1962, paBranham Tabhenakiri kuJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©1992 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)